EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# THE CONCEPT OF GENDER EQUALITY: ITS ESSENCE, FORMATION, AND MODERN DISCUSSION

**Mambetkarimova Guljahan Polatbaevna**
NMPI Master's student
https://doi.org/10.5281/zenodo.17173884

**ARTICLE INFO**

Received: 17th September 2025
Accepted: 21st September 2025
Online: 22nd September 2025

**KEYWORDS**

*Gender equality, "Gender Concept," social life, family, international and national legislation, gender stereotypes, "Socialization," equality.*

**ABSTRACT**

*The concept of gender equality plays an important role in the development of society and the protection of human rights. This article highlights the meaning of gender equality, the process of its formation, and its modern analysis. First of all, gender equality is discussed as ensuring equal rights and opportunities for men and women in social life, education, employment, and politics. Attention is then paid to how this concept has developed throughout history and how the roles of men and women have been evaluated in different societies. The article also examines the legal foundations of gender equality through the analysis of documents adopted by international organizations, national legislation, and their implementation in practice. In the modern analysis, the participation of women in the labor market, their role in education, family life, and leadership positions are scientifically considered. In addition, gender stereotypes and ways to overcome them are analyzed. In conclusion, the article emphasizes that gender equality should be viewed not only as a principle of justice but also as a factor of social stability and sustainable development.*

# GENDER TEŃLIGI TÚSINIGI: MÁNISI, QÁLIPLESIWI HÁM ZAMANAGÓY TALQILANIWI

**Mambetkarimova Guljahan Polatbaevna**
NMPI magistranti
https://doi.org/10.5281/zenodo.17173884

**ARTICLE INFO**

Received: 17th September 2025
Accepted: 21st September 2025
Online: 22nd September 2025

**KEYWORDS**

**ABSTRACT**

*Gender teńligi túsinigi jámiettiń rawajlanıwı hám insan huqıqlarınıń támiyinleniwinde áhmietli orın ieleydi. Bul maqalada gender teńligi túsiniginiń*

*Gender teńligi, "Gender koncepciyası", sociallıq turmıs, shańaraq, xalıqaralıq hám milliy nızamshılıq, gender stereotipleri, "Sociallastırıw", teń huqıqlılıq.*

*mazmunı, qáliplesiw procesi hám zamanagóy dáwirdegi analizi sáwlelendirilgen. Bárinen burın, gender teńligi erkek hám hayaldıń sociallıq turmısta, bilimlendiriwde, miynette hám siyasiy tarawda teń huqıq hám imkaniyatlarǵa ie bolıwın ańlatatuǵını haqqında sóz etiledi. Sońınan tariyxıy processlerde bul tusinik qalay qálipleskeni, hár qıylı dáwirlerde jámiyetlerde hayallar hám erkekler ornı qalay bahalanǵanına itibar qaratıladı. Maqalada, sonday-aq, xalıqaralıq shólkemler tárepinen qabıl etilgen hújjetler, milliy nızamshılıqtaǵı normalar hám olardıń ámeliyatta qollanılıwı mısalında gender teńliginiń huqıqıy tiykarları kórsetip beriledi. Zamanagóy tallawda bolsa miynet bazarında hayal-qızlardıń úlesi, bilimlendiriwdegi qatnas dárejesi, shańaraqtaǵı sociallıq rol hám jetekshilik lawazımlarında olardıń ornı haqqında ilimiy pikirler keltiriledi. Sonıń menen birge, gender stereotipleri hám olardı jeńip ótiw jolları tallanadı. Maqala juwmaǵında gender teńligi tek ǵana ádillik principi emes, al sociallıq turaqlılıq hám rawajlanıw faktorı sıpatında kórip shıǵılıwı kerek ekenligi atap ótiledi.*

**Kirisiw.** Gender latinsha genus (inglis tilinde gender) sózinen kelip shiqqan bolip, ózbek tilinde jinis mánisin beredi. Ilimge genderlik izertlewler túsinigi XX ásirdiń ortalarında kirip kele basladı. Gender atamasın 1952-jili Jańa Zelandiyalı psixolog alım Jon Mani óziniń ilimiy izertlewlerinde birinshi bolip qollanǵan[1]. Keyin ala 1963-jılı Stokgolmda psixologlardıń xalıqaralıq konferenciyasında AQShlı alım Robert Stoller jámiyette sociallıq jınıstıń ózin-ózi ańlaw túsinikleri haqqındaǵı bayanatı arqalı gender terminin ilimiy jámiyetshilikke usındı hám jınıstı biologiyalıq hám mádeniy túrlerge bólip úyreniwdi usınıs etti. R.Stoller, biologiyalıq jınıstı (inglizshe sex) biologiya hám fiziologiya, mádeniy jınıs (gender), yaǵnıy genderdi psixologiya hám jámiyet tanıw tarawları izertlew obyekti sıpatında úyreniw maqsetke muwapıq dep esaplaǵan. Sonday-aq, 1972-jılı anglichan sociologi Enn Okli[2] de "Jıns, gender hám jámiyet" atlı ilimiy jumısında bul termindi tusindirip ótken.

Gender koncepciyası biologiyalıq jınıs penen sociallıq jınıs ayırmashılıǵına hám de jınıslar arasındaǵı sociallıq múnásibetler tek erler hám hayal-qızlardıń biologiyalıq ózgesheligi menen belgilenbewi, olar arasındaǵı sociallıq roller fiziologiyalıq ayırmashılıqlardan sezilerli dárejede keń ekenligin ańlawǵa qurılǵan. Jınıs anatomiyalıq,

[1] Money, John. (1952). Hermaphroditism: An Inquiry into the Nature of a Human Paradox. Thesis (Ph.D.), Harvard University press.
[2] http://www.gender-cent.ryazan.ru/lecturers.htm#blohina

fiziologiyalıq túsinik, yaǵniy individtiń biologiyalıq jınısqa tiyisliligin belgileytuǵın biologiyalıq qásiyetler birligi[3]. Biraq adamlar arasında jáne bir áhmiyetli biologiyalıq ayırmashılıqlardan tısqarı sociallıq roller, hár qıylı iskerlik túrleri, is-háreket hám psixologiyalıq xarakteristika jaǵınan da bóliniw bar.

Jınıstan parıqlı túrde, gender - psixologiyalıq, mádeniy hám sociallıq qurallar menen qáliplesedi. Gender atamasınıń ilimge kirgiziliwi sonı ańlawǵa járdem beredi, yaǵnıy "jámiyettegi erkekler hám hayallardıń rolleri sociallıq jaqtan shólkemlestiriledi hám belgilenedi"[4].

Gender, eń dáslep erkek hám hayal, ul hám qız balalar qatnasıqlarınıń sociallıq-psixologiyalıq hám pedagogikalıq táreplerin qamtıp aladı. Bul tusinik jana sociallıq kóz-qaraslar hám mádeniyatqa baylanıslı halda rawajlanıp baradı. Tariyxtaǵı matriarxat yamasa patriarxat túsinikleri de buǵan ayqın mısal.

Tálim-tárbiya baǵdarında gender túsinigi tek qızlarǵa tiyisli emes, sebebi ol óz óz qásiyetine qaray ul hám qız balalar arasındaǵı qatnasıqlardı táriypleydi, yaǵnıy, sociallıq roller, iskerlik formalarınıń bólingenligi, minez-qulıq hám individlerdiń psixologiyalıq xarakteristikalarında ózgeshelikler bar ekenligin úyrenedi.

Kórinip turǵanınday, ilimpazlardıń gender sózin termin sıpatında úyreniwdi usınıs etiwleri tek ǵana psixoanalitika yamasa sociologiyada emes, al hár qıylı tarawlar, sonıń ishinde, pedagogika hám til biliminde de keńnen qollanılıwına jol ashıp berdi. Búgingi kúnde bul baǵdarlar quramında gender pedagogikası hám til bilimi qáliplesip, gender qatnasıqları, genderlik tallaw, genderlik teńlik sıyaqlı temalarda izertlew jumısları alıp barılmaqta.

Bizge belgili, biologiyalıq hám sociallıq ózgesheliklerden tısqarı gender faktorlarına mádeniy ózgeshelikler de tásir kórsetedi. Belgili bir mádeniyat adamzat tárepinen dúnya haqqındaǵı bilimlerdi ańlaw hám tártipke salıw barısında júzege kelgen zat-nárse, waqiyalar bolıp, ol milliy gender kózqaraslardıń qáliplesiwinde úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

Genderlikte gender ayırmashılıqlardıń shólkemlesiw procesi ádette sociallasıw procesi menen baylanısadı. Sociallasıw - bul individ tárepinen jámiyettiń tolıq huqıqlı aǵzası sıpatında iskerlik júrgiziw imkaniyatın beriwshi bilim, norma hám qádiriyatlardı ózlestiriw procesi. Sociallastırıw óz ishine tásir etiwdiń sociallıq qadaǵalaw processlerin qamtıp aladı. Mısalı, tálim-tárbiya, yaki onıń qáliplesiwine tásir etiwshi tábiyiy procesler. Búgin sociallasıwdıń áhmiyetli bólegi bolǵan gender qatnasıqları psixologiya, sociologiya, pedagogika sıyaqlı pánler tárepinen jedel úyrenilip atırǵanı bul baǵdarda isleniwi kerek bolǵan jumıslardıń kóp ekenliginen dárek beredi.

Gender teńligi jámiyettegi rollerinen kelip shıǵatuǵın sociallıq qatlamlanıw, hám sonıń menen birge sóylew, stil, kiyim hám is-háreketlerde kórinetuǵın tárepleri de bul baǵdardıń áhmiyetli sıpatların quraydı.

Gender roller erkekler hám hayallardıń miyneti, wazıypalarına baylanıslı kóz-qaraslardıń bóliniwinde de kórinedi. Psixologiyalıq rawajlanıw hám pedagogikalıq

[3] Stoller R. J. Sex and Gender: The Development of Masculinity and Femininity. -United Kingdom: Routledge, 1994. - 400 p.
[4] Gender i kultura. - Dushanbe: Aziya-plyus, 1999. - 96 s.

kózqaraslarda taraw qánigeleri "differencial sociallasıw" atamasınan gender rollerin úyreniw maqsetinde paydalanbaqta[5]. Bunda differencial sociallasıw procesi kóbinese bala tuwılıwınan aldın júzege keledi. Hár bir jámiyette bala tárbiyası basqıshlarında, keyin ala pútkil ómiri dawamında "erkeklerge tánlik" hám "hayallarǵa tánlik" dep atalǵan túsiniklerge tán norma hám stereotipler bekkemlenip baradı. V.fon Xumbold jınıslar aralıq parıq haqqında toqtap ótip, sonıń ishinde tómendegi pikirlerdi aytqan: "Erkeklik kelbetinde sulıwlıq hám tartımlılıqqa qaraǵanda qatańlıq kóbirek parıqlanadı; erkeklik túsinigi júdá anıq hám puqta, olar arasındaǵı qatnas bolsa júdá ápiwayı; erkek xarakteri kúshli hám turaqlı, biraq geyde bir táreplemelik hám qopallıqtı bildiredi. Barlıq erkeklik ózgeshelikler ayqınlatıwshı, barlıq hayalıq ózgeshelikler kewildi jubatıwshı. Biri ómirge nur (jarıqlıq) alıp kelse, ekinshisi muhabbat keltiredi. Hayaldıń tábiyatı hayaldı mashaqatlarǵa shıdamlı etedi, (jámiyet nızam-qaǵıydalarına muwapıq) erkeklik kúsh-quwatı menen únles hayal jedellilikten azat boladı, soǵan muwapıq hayal óz opadarlıǵı menen gózlegen maqsetine erisedi"[6]. Demek, jámiyetlik turmısta da erkek hám hayal birgelikte háreket etse, belgili jámiyet gózlegen maqsetine tezirek erisiwi múmkin. Sońǵı jılları Ózbekstan Respublikasında da hayal-qızlardıń basqarıw uyımlarına tayınlanıwına bolǵan itibardıń ósiwi joqarıda atap ótilgen sociallıq teńlik balansın normaǵa keltirmekte.

Ózbekstan Respublikasınıń "Hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlar kepillikleri haqqında"ǵı nızamınıń 13-statyasında hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlardı támiyinlew máseleleri boyınsha isbilermenlik subyektleriniń, sonday-aq, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımlarınıń, mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń hám puqaralıq jámiyetiniń basqa da institutlarınıń wákilleriniń qatnasıwında másláhát keńeslerin dúziw múmkin ekenligi belgilengen[7]. Usı normaǵa tiykarlanıp, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginde, sonday-aq, barlıq joqarı bilimlendiriw mákemelerinde dúzilgen hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq jáne imkaniyatlardı támiyinlew máseleleri boyınsha másláhát keńesi - gender teńlikti támiyinlewdiń nátiyjeli mexanizmlerinen biri bolıp esaplanadı.

Hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq jáne imkaniyatlardı támiyinlew máseleleri boyınsha másláhát keńesi - gender teńlikti támiyinlew jáne jınısı boyınsha tikkeley yamasa tikkeley emes kemsitiwdi saplastırıw maqsetinde hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq jáne imkaniyatlardı támiyinlew máseleleri boyınsha dúzilgen kollegial másláhát uyımı bolıp esaplanadı. Másláhát keńesiniń jumısı nızamlılıq, hayal-qızlar hám er adamlardıń teń huqıqlılıǵı, jınısı boyınsha kemsitiwge jol qoymaw, ashıq-aydınlıq principleri tiykarında alıp barıladı.

Atap aytqanda, Ózbekstanda jámiyetlik turmısta gender máseleleri, gender teńlik qatnasıqlarına berilgen tereń itibardı ámelge asırılıp atırǵan bir qatar joybarlarda kóriw

[5] Бахронова Д.К. ГЕНДЕР И ЦЕЛЕВЫЕ КОНЦЕПТУАЛЬНЫЕ ГЕНДЕРНЫЕ СТЕРЕОТИПЫ // Гендерные исследования в гуманитарных науках: сб. ст. по матер. III междунар. науч.-практ. конф. № 3. - Новосибирск: СибАК, 2015.

[6] Gumboldt V. fon. Yazik i filosofiya kulturi. - Moskva, 1985. - S. 142-159.
[7] O'zbekiston Respublikasining "Xotin-qizlar va erkaklar uchun teng huquq hamda imkoniyatlar kafolatlari to'g'risida"gi qonuni. 2019-yil, 2-sentabr.

múmkin. Máselen, 2019-jıl 2-sentyabrde ÓRQ-562-sanlı "Hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlar kepillikleri haqqında"ǵı nızam qabıl etildi, oǵan bola, hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlar kepillikleri, hayal-qızlardı sociallıq-huqıqıy jaqtan qollap-quwatlaw, analıq, atalıq hám balalıqtı qorǵaw sistemasın jetilistiriw, hayal-qızlardıń er adamlar menen teńdey sociallıq hám jámiyetlik-siyasiy belsendiligin arttırıw boyınsha hám t.b. ilajlar alıp barılmaqta. Sonıń menen bir qatarda, Birlesken Milletler Shólkeminiń Turaqlı rawajlanıwdıń besinshi maqseti - Gender teńlikti ámelge asırıw sheńberinde Ózbekstanda gender teńlikti támiyinlew jáne barlıq hayal-qızlardıń huqıqları menen imkaniyatların keńeytiwge baylanıslı toǵız wazıypa islep shıǵılǵanın da atap ótiw múmkin. Ol 2030-jılǵa barıp barlıq hayal-qızlarǵa qarata kemsitiwlerdiń hár qanday túrine shek qoyıw, siyasiy, ekonomikalıq hám sociallıq turmısta qararlar qabıl etiwdiń barlıq dárejelerinde hayal-qızlardıń tolıq hám nátiyjeli qatnasıwın támiyinlew hám jetekshilik etiw ushın teńdey imkaniyatlardı jaratıw zárúrligin óz ishine aladı.

Gender qatnasıqlarında xalıqaralıq standartlarǵa haqıyqıy jaqınlasıwǵa erisiw, eń áhmiyetlisi, hayal-qızlardıń jámiyettiń barlıq tarawlarında belsene qatnasıwı ushın teń imkaniyatlardı támiyinlew boyınsha bir qatar ápiwayı, biraq nátiyjeli ilajlardıń bar ekenligin atap ótiw múmkin. Mámleketimizde, kvota sistemasınıń hayal-qızlarǵa baǵdarlanǵanlıǵınıń artıp baratırǵanlıǵın, ásirese, joqarı bilimlendiriw sistemasında ámelge asırılıp atırǵan reallıqlar, magistraturaǵa qabıl etilgen hayal-qızlarǵa kontrakt tólemleriniń tolıq mámleket tárepinen qaplanıwı haqqındaǵı ámeliy ilajlardı ayqın mısal sıpatında keltiriw múmkin. Sonday-aq, hayal-qızlardıń jergilikli dárejede hám atqarıw hákimiyatındaǵı wákilliginiń artıp barıwı, olardıń parlament jumısındaǵı belsene qatnasın da atap ótiw zárúr.

Mámleketimizde gender siyasatınıń áhmiyetli strategiyalıq maqseti millet shańaraǵında hayal-qızlardıń ornı, olardıń finanslıq jaǵdayın hám sociallıq abadanlıǵın jaqsılawǵa qaratılǵan. Bunday strategiyanı tómendegilerde kóriw múmkin: kóp balalı, jas, kem támiyinlengen shańaraqlar ushın sociallıq kepilliklerdi támiyinlewdi óz ishine alǵanlıǵı; densawlıqtı saqlaw hám bilimlendiriw tarawında birden-bir sociallıq standartlar islep shıǵılıp atırǵanlıǵı; shańaraqtaǵı zorlıqtı saplastırıw, hayal-qızlardıń huqıqların qorǵawdıń huqıqıy tiykarların jaratıw mashqalaları sıyaqlılarǵa itibar qaratılıp atırǵanlıǵı. Shańaraqta gender teńligine erisiw, yaǵnıy hayal adamdı kemsitiw sıyaqlı illetlerdi joq etiwge erisiw hár qıylı sociallıq institutlar hám tarawlarǵa unamlı múnásibetti qáliplestiriwge alıp keledi.

Sociallıq-ekonomikalıq mashqalalardıń kúsheyiwi kúndelikli turmıs hám miynet iskerligi tarawındaǵı gender qatnasıqlarına jeterli dárejede itibar bermew menen de baylanıslı ekenin atap ótiw kerek. Sebebi, suveren jámiyette gender teńligi mashqalaları tiykarǵı áhmiyetke iye bolıwı kerek. Biziń pikirimizshe, gender teńligi tarawındaǵı tiykarǵı mashqalalardı jáne de nátiyjeli sheshiw ushın tómendegi jumıslardı ámelge asırıw maqsetke muwapıq: gender máselelerin sheshiwge qaratılǵan institutlardıń nátiyjeli jumıs islewi ushın sharayat jaratıw; gender siyasatın ámelge asırıwdı barlıq dárejelerde, sonıń ishinde, aymaqlıq, milliy hám sektorlıq muwapıqlastırıwdıń anıq sistemasın qáliplestiriw; hayal-qızlardıń ekonomikalıq baǵınıshlılıǵın hám ázziligin

jumsartıw ushın shańaraq júklerin teń bólistiriwge umtılıw; mámleket miynet bazarın tártipke salıwǵa qaratılǵan ilajlardı jáne de kóbeytiwge erisiw, yaǵnıy kem haqı tólenetuǵın orınlarda hayal-qızlardıń úlesin azaytıw yamasa miynet haqını kóbeytiw; turmıs dárejesin arttırıwǵa hám teńsizliklerdi saplastırıwǵa, sonıń ishinde, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw hám kásiplik ósiwge járdem beretuǵın turmıslıq kónlikpelerdi úyreniw imkaniyatın beretuǵın ámeliy bilimlendiriw sistemasın kúsheytiw, qızlardıń bilim alıwına tómen názer menen qaraytuǵın shańaraqlarda túsindiriw jumısların alıp barıw zárúr. Aymaqlıq gender kemsitiw ámeliyatın keskin sheklew, usı tarawdaǵı mashqalalardı huqıqıy sistema kontekstinde sheshiw imkaniyatların keńeytiw, tarawlarda gender teńligine erisiw sıyaqlılar solardıń qatarına kiredi. Sebebi, gender teńlikke erisiw tek ǵana demokratiyalıq qádiriyatlardan biri emes, al sociallıq-ekonomikalıq hám ruwxıy rawajlanıwdıń áhmiyetli faktorı esaplanadı.

Jáhán kóleminde arttırılǵan tájiriybe sonnan derek beredi, áyne erkekler hám hayal-qızlar ushın teń imkaniyatlar bar bolǵan mámleketlerde xalıqtıń turmıs abadanlıǵı hám jámiyetlik-siyasiy belsendiligi joqarı dárejede bolıp, reformalar tabısı támiyinlenedi[8].

Ulıwma alǵanda, Ózbekstanda gender tarawındaǵı ózgerislerdiń huqıqıy hám institucionallıq tiykarları jaratılmaqta. Mámlekette gender siyasatın hár tárepleme ámelge asırıwda mámleketlik uyımlar hám hayal-qızlar shólkemleri birgelikte háreket etip kelmekte. Respublikamızda hayal-qızlar huqıqların qorǵawda rásmiylikten anıq háreketlerge ótilgeni, yaǵnıy hayal-qızlardıń jámiyetlik turmısta, bilimlendiriwde jeke rawajlanıw strategiyası islep shıǵılǵanı, hayal-qızlar jumısların ámelge asırıwda hám jámiyetlik turmıstı monitoring etiwdiń barlıq basqıshlarında nátiyjeli qatnasa baslaǵanı pikirimizdiń ayqın dálili bolıp esaplanadı.

Hayal-qızlardıń huqıqları menen imkaniyatların keńeytiw, turaqlı rawajlanıw procesin jedellestiriw oǵada áhmiyetli princip bolıp esaplanadı. Hayal-qızlarǵa qarsı barlıq túrdegi kemsitiwlerdi saplastırıw tek ǵana insan huqıqların qorǵaw kózqarasınan áhmiyetli emes, al basqa tarawlardıń rawajlanıwına tásir etiwshi kúshli faktorlardan biri bolıp esaplanadı.

Dúnya rawajlanıwınıń házirgi dáwirinde insan rawajlanıwı, onıń huqıq hám erkinlikleri, sociallıq ádillik hám insan qáwipsizligin támiyinlew baǵdarındaǵı processler ushın hayal-qızlar hám er adamlardıń jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawlarındaǵı teńligin ámelde támiyinlew máseleleri tiykarǵı wazıypalardan birine aylanbaqta. Usı maqsette tek ǵana respublikamızda emes, al pútkil dúnyada bul másele aktual bolıp qalmaqta.

**Juwmaqlaw**. Juwmaqlap aytqanda, gender teńligi máselesi zamanagóy jámiettiń rawajlanıwınıń áhmiyetli faktorlarınan biri bolıp esaplanadı. Erkek hám hayal-qızlardıń teń huqıqlarǵa iye bolıwı tek ǵana ádillikti támiyinlep qoymastan, al sociallıq turaqlılıqtı da bekkemleydi. Maqalada atap ótilgenindey, tariyxıy processlerde qáliplesken gender stereotipleri búgingi kúnde de ayırım tosqınlıqlardı payda etpekte. Soǵan qaramastan, xalıqaralıq shólkemler hám milliy nızamshılıq dárejesinde kórilip atırǵan ilajlar áhmietli nátiyjeler bermekte. Ásirese, bilimlendiriw, miynet bazarı hám siyasiy turmısta hayal-qızlardıń úlesiniń artıwı jámiettiń rawajlanıwına sezilerli tásir kórsetpekte. Gender teńligi

[8] Жамолдинова О., Эгамбердиева Т., Солихужаева Д. Олий таълим тизимида гендер ёндашув: бугун ва келажак тамойиллари. Услубий кулланма - Тошкент, 2022. - 79 б.

EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc

ideyasın keńnen úgit-násiyatlaw hám onı turmısqa engiziw keleshek áwladlar ushın turaqlı rawajlanıw girewi bolıp esaplanadı. Sonlıqtan gender teńlikti támiyinlew mámleketlik siyasat hám jámietlik sanada tiykarǵı baǵdar bolıp qalıwı kerek.

## References:

1. Money, John. (1952). Hermaphroditism: An Inquiry into the Nature of a Human Paradox. Thesis (Ph.D.), Harvard University press.

2. http://www.gender-cent.ryazan.ru/lecturers.htm#blohina

3. Stoller R. J. Sex and Gender: The Development of Masculinity and Femininity. -United Kingdom: Routledge, 1994. - 400 p.

4. Gender i kultura. - Dushanbe: Aziya-plyus, 1999. - 96 s.

5. Бахронова Д.К. ГЕНДЕР И ЦЕЛЕВЫЕ КОНЦЕПТУАЛЬНЫЕ ГЕНДЕРНЫЕ СТЕРЕОТИПЫ // Гендерные исследования в гуманитарных науках: сб. ст. по матер. III междунар. науч.-практ. конф. № 3. - Новосибирск: СибАК, 2015.

6. Gumboldt V. fon. Yazik i filosofiya kulturi. - Moskva, 1985. - S. 142-159.

7. O'zbekiston Respublikasining "Xotin-qizlar va erkaklar uchun teng huquq hamda imkoniyatlar kafolatlari to'g'risida"gi qonuni. 2019-yil, 2-sentabr.

8. Жамолдинова О., Эгамбердиева Т., Солихужаева Д. Олий таълим тизимида гендер ёндашув: бугун ва келажак тамойиллари. Услубий кулланма - Тошкент, 2022. - 79 б.